**दिन—गुरूवार** **दिनांक—02.10.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

कृतज्ञ राष्ट्र आइ राष्ट्रपिता महात्मा गांधी के हुनक एक सय छप्पनम जयंती पर श्रद्धांजलि अर्पित कयलक। एहि अवसर पर नव दिल्ली मे राजघाट स्थित बापू के समाधि पर सर्वधर्म प्रार्थना सभाक आयोजन कयल गेल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति सी.पी राधाकृष्णन आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी गांधीजीक समाधि पर पुष्पांजलि अर्पित कयलनि। एम्हर प्रदेश मे मुख्य समारोह पटनाक गांधी मैदान मे आयोजित कयल गेल, जतऽ राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सहित आन गणमान्य लोकनि गांधीजी के प्रतिमा पर माल्यापर्ण कऽ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

---

पूर्व प्रधानमंत्री लाल बहादुर शास्त्री के जयंती पर सेहो कृतज्ञ राष्ट्र हुनका स्मरण कयलक अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति सी.पी राधाकृष्णन आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी शास्त्री जी के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एहि अवसर पर पटना मे राजकीय जयंती समारोहक आयोजन शास्त्रीनगर पार्क मे कयल गेल, जतऽ राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सहित आन गणमान्य लोकनि शास्त्री जी के प्रतिमा पर माल्यापर्ण कऽ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

---

विजयादशमी अर्थात दशहराक पावनि आइ परंपरागत आस्था आ उलासक संग मनाओल जा रहल अछि। ई दिन नवरात्रि अनुष्ठान आ दुर्गा पूजाक समापन आ असत्य पर सत्य विजयक प्रतीक अछि। दशहराक अवसर पर पटनाक गांधी मैदान मे आइ सांझ रावणक पुतला दहनक भव्य कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। वर्षाक मध्य पटनाक गांधी मैदान मे रावण वध के कार्यक्रम संपन्न भेल। कार्यक्रम मे राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सहित राज्यमंत्रिमंडलक कतेको सदस्य उपस्थित छलाह। एहि बेर रावणक अस्सी फीट, कुम्भकरणक पचहत्तरि फीट आ मेघनादक सत्तरि फीट ऊँच पुतला बनाओल गेल छल। संगहि सोनाक लंका सेहो

सजाओल गेल छल। एहि कार्यक्रम मे इको फ्रेंडली फटक्काक प्रयोग कऽ पर्यावरण संरक्षणक संदेश देल गेल।

———————————————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोक सभ के विजयादशमीक बधाई आ शुभकामना देलनि अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू कहलनि जे विजयादशमीक पावनि सभ के सत्य आ न्याय के मार्ग पर चलबाक प्रेरणा देत अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी विजयादशमी पर सभ के साहस, बुद्धि आ भक्ति के मार्ग पर आगां बढ़बाक कामना कयलनि। राज्यपाल अपन संदेश मे कहलनि जे ई पावनि हमरा सभ के ईमानदारी, सच्चरित्रता, सहिष्णुता, सेवा आ करूणा ऐहेन मूल्य के आत्मसात करबाक प्रेरणा देत अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन संदेश मे लोक सभ सँ सौहार्द्रपूर्ण वातावरण मे एहि पावनि सभ के हर्षोल्लासक संग मनेबाक अपील कयलनि।

———————————————————————————————

राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघ–आरएसएस आइ अपन शताब्दी वर्ष समारोह मना रहल अछि। एहि अवसर पर नागपुर मे आयोजित कार्यक्रम मे सरसंघचालक मोहन भागवत कहलनि जे स्वदेशी आ स्वावलम्बनक कोनो विकल्प नहि अछि। ओ कहलनि जे कोनो राष्ट्र अलग–थलग नहि रहि सकैत अछि। एहि लेल हमरा सभ के अपन अंतर्राष्ट्रीय आ व्यापारिक संबंध के यथावत रखबाक चाही।

———————————————————————————————

बंगालक खाड़ी मे बनल निम्न दबावक क्षेत्र बनबाक कारणे प्रदेश मे काल्हि सँ थमि–थमि कऽ वर्षाक क्रम जारी अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान बरौनी मे सभ सँ बेसी एक सय साठि दशमलव चारि मिलीमीटर वर्षा भेल अछि। मौसम विभाग आइ बांका, जमुई आ पश्चिम चंपारण जिला मे किछु स्थान पर अति भारी वर्षाक औरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि, अरवल, मुंगेर, भागलपुर, बक्सर, कैमूर, सीवान, सारण, गोपालगंज आ पूर्वी चंपारण जिला मे किछु स्थान पर भारी वर्षाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————————

बेगूसराय जिला आइ अपन तिरपनम स्थापना दिवस मना रहल अछि। एहि अवसर पर जिला प्रशासनक दिस सँ कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। केन्द्रीय मंत्री आ स्थानीय सांसद गिरिराज सिंह स्थापना दिवस पर जिलावासी सभ कैँ बधाई आ शुभकामना देलनि अछि।

---

समाप्त